**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 27 сентябрь Рузман №43 (7857) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Зарема Бутаева хIалтIулаб сапаргун ЦIумаде щвана

Араб арбагI кьоялъ, 25 сентябралда, Дагъистаналъул культураялъул министр Зарема Бутаева хIалтIулаб сапаргун щвана нилъер районалде. Гьейгун цадахъ рукIана министерствоялъул отделалъул нухмалъулел МухIамадгIали ГIалиев, Карина ХIажиева ва Зулейха Мугъадова.



Министралъул хIалтIулаб сапар байбихьана райадминистрациялда районалъул бетIер Шамил ГIумаровгун цадахъ гIадамал къабул гьариялдаса.

Къабул гьарурал Гъоркьгъакъвари, Хушет, ТIинди, КIочIали росабазул ва районалъул библиотекаялъул вакилзабаз рорхана нахътIамизе бегьуларел суалал. Гьезул мурадал министралъ



хIисабалде росана ва министерствоялъул отделазул нухмалъулезе тIадкъай кьуна гьезда сверухъ хIалтIи гьабизе.

ГIадамал къабул гьарун хадуб, районалъул бетIергун министр гIахьаллъана капиталияб ремонт гьабун къачIараб Гьигьалъ росдал культурияб рукъ рагьияълъул рохалилаб тадбиралда.

Гьигьалъдерида культурияб рукъ рагьи баркун кIалъазе вахъарав районалъул бетIер Шамил ГIумаровас бицана цебе гьигьалъдерил культурияб рукъалъул букIараб хIалтIул. Ахираб заманалда гьеб рахъ нахъа хутIаниги, гьанже хIалтIи гIуцIизе кколин абуна гьес гIун бачIунеб гIелалъе рухIияб тарбия кьеялде балагьизабураб.

-Дун йохарай йиго жакъа Гьигьалъеги щун, «Культура» абураб миллияб проекталда рекъон капиталияб ремонт гьабун бахъараб росдал культураялъул рукъ рагьияълъул рохалилаб тадбиралда гIахьаллъизе щвеялдаса. Нужер район буго кутакалда берцинаб, гьайбатаб тIабигIаталъул бакI, гьелъул берцинлъиялъ, гIадамазул яхI-намуслъиялъ ва ракI бацIцIалъиялъ хIайран гьаруна жакъа ниж. Гьеб бихьана жакъа радал гIадамал къабул гьарулелъулги, бихьулеб буго гьабсагIат нужер гьаниб бугеб гьудуллъиялъул ахIвал-хIалалъулги.

Нужеца кьуна Дагъистаналъе цIар рагIарал гIалимзаби, творчествоялъулал хIалтIухъаби ва гугарухъаби, гьез машгьурлъизабуна районги, Дагъистанги, Россияги.

Гьаб берцинаб, санагIалабиги гIураб культураялъул рукъ букIине ккела росулъ тIоритIулел тадбиразе интерес багъаризабулеб, эркенаб заманалда росдал гIадамаз хIухь бахъулеб бакIлъун, рухIияб тарбия кьезе хIалтIизабулеблъун. Гьеб кинабгоялъе байбихьилъун ккола нилъер жакъасеб данделъиги,-ян абуна Дагъистаналъул культураялъул министр Зарема Бутаевалъ. Росдал лъималазе спектакль бихьизабизе Дагъистаналъул пачалихъияб ясикIабазул театр битIизе бугин Гьигьалъеян тIадеги жубана гьелъ.



Министралъ баркала загьир гьабуна Шамил ГIумаровасе районалда культураялъул учреждениябазе гьабулеб кумекалъухъ. Гьединго гьелъ баркала кьуна Гьигьалъ росдал бетIер Рамадан ГъазимухIамадовасе росулъ маданияталъул гьансито цIунизе жигар бахъиялъухъ.

Жиндирго кIалъаялъул ахиралда министралъ грамотабаздалъун ва баркалаялъул кагътаздалъун кIодо гьаруна районалъул культураялъул управлениялъул хIалтIухъаби.

Гьигьалъ Зарема Бутаева щвана цIибараб школалде. Гьениб гьелъ абуна спортго гIадин машгьураб бугин цIумадисезул маданиятги, гьеб цебетIезабиялда тIад хIалтIизе ккола культураялъул рукъгиян.

Агьвали Зарема Бутаева щвана районалъул библиотекаялде, балагьана библиотекаялъул минаялъухъ, хIалтIул шартIазухъ, тIахьазул фондалъухъ. «Культурная среда» абураб федералияб проекталда рекъон бачIунеб соналъ Агьвали моделалъулаб библиотека



гIуцIизе жигар бахъизе бугиланги абуна министралъ.

Къалъудаса нахъа Зарема Бутаевалъ сапар бухьана Гьаквари



росабалъе. Гьенире унаго лъалхьана 1999 соналъул августалъулал гъугъа-бахъиназда КIочIали Дачаялда къурбанлъарал милициялъул хIалтIухъабазе бараб памятникалда цере тIугьдузул квацIи лъезе.

ТIадгъакъвари министр щвана капиталияб ремонт гьабураб росдал клубалде, балагьана гьениб гьабураб хIалтIухъ, дандчIвана росдал захIматчагIигун, гIенеккана гьезул гIузрабазухъ, ракIалде щвеялъе рахъана суратал.

Гъоркьгъакъвари росдал администрациялъул бетIер Рашид АхIмадовас бихьизабуна чIунтун унеб росдал клуб, КДЦялъул рукъ, борхана гьеб къачIаялъул суал. Гьеб рахъалъ жиндирго пикру загьир гьабулаго Шамил ГIумаровас бихьизабуна гъоркьгъакъварисел маданияталъул рахъалъ кидаго цебесеб кьерда рукIунин, амма клуб гьечIолъиялъ гьезул хIалтIи цебехун унеб гьечIилан.

Бакъанида, районалъул бетIергун сапаралъул хIасилалги гьарун, Зарема Бутаевалъ къо-мех лъикI гьабуна цIумадиселгун.

**ГIубайдула Малачдибиров**

Воспоминания об ушедшем друге

# Самые глубокие реки текут с наименьшим шумом

**Мы все умрем, людей**
**бессмертных нет,**
**И это все известно и**
**не ново.**
**Но мы живем, чтобы**
**оставить след:**
**Дом иль тропинку,**
**дерево иль слово.**

**Р.Гамзатов**



Мы знаем, что пути Господни неисповедимы, что каждый пришедший в этот грешный мир рано или поздно покидает его. Но когда это случилось с Зулхуджой Алиевичем Магомедовым, сохранявшим огромную работоспособность, яркую эмоциональность, точную память, интерес, любовь к жизни и людям, меня все это долго мучало и до сих пор до боли мучает.

О нем очень трудно было писать что-то при жизни, а теперь же, когда его не стало, и казалось, меня переполняет множество мыслей, писать оказалось очень не просто: слова не хотели ложиться на бумагу.

Зато память постоянно воскрешает светлое лицо Зулхуджи Алиевича, его слова, поступки, встречи с ним. И я решил написать о нем так, как я это чувствую.

Зулхужда Алиевич родился в селении Гигатли, в доброй хлебосольной крестьянской семье, где были заложены основы его характера, трудолюбия и уважительного отношения к людям. Не легкой была его жизнь- работа в трудных условиях, учителем и председателем колхоза, следователем, а в последствии и прокурором в горных районах. Где бы не работал, везде его уважали, не растерял он истинно горские черты, напротив, закалил, став живым примером сдержанности, скромности и уважением к старшим.

Любой человек, даже самый уважаемый нами это только человек со своими достоинствами и недостатками. Просто есть люди, в которых достоинства преобладают над недостатками, и они становятся для нас нравственными авторитетами уже при жизни. Вот таким был Зулхуджа Алиевич. В нем имелся свой внутренний нравственный стержень, в основе которого лежали честь, достоинство и мужество.

Приведу лишь один пример. В августе 1999 года, когда на территорию района вторглись международные бандформирования, Зулхуджа один из первых, взяв в руки свой карабин СКС, стал на защиту Родины. Хотя по возрасту он и был намного старше тех кто встал в колонну ополченцев, ничто не смогло поколебать его любовь к родным истокам и корням, презрение к наживе и стяжательству, уважение простого труженика, верность к дружбе. За эти качества жителями родного Цумадистана он был избран командиром ополчения района, где он плечом к плечу со старшим сыном и младшим братом готов был отдать свою жизнь за свободу и независимость родного края. К сожалению, таких как Зулхуджа Алиевич, становится все меньше и меньше. Они уходят одни за другими, и с ними уходит их эпоха. Как хотелось бы подольше задержать в этой жизни дорогих нам людей, продлить их силы и дни на земле. Но нам не дано этого.

Я считал его старшим братом и наставником во все периоды моей жизни, и весьма рад, что судьба свела меня в молодые годы с таким замечательным и умным человеком.

Не зря говорят, что первое впечатление самое сильное и глубокое, и почти всегда безошибочное. Да, это действительно было подтверждено, Зулхуджа Алиевич совсем не менялся даже внешне. У него была своя, выверенная временем твердая позиция по каждому вопросу. Бережно храня все ценное, учитывая опыт прошлого, не зацикливался на стереотипах, а одновременно видел новое, современное и жизненно необходимое для нравственного, духовного и морально-этического развития.

Все годы его жизни люди тянулись к нему за советом и помощью, делились с невзгодами, он их любезно принимал и, по мере возможности, удовлетворял их просьбы, давал добрые советы, разделял радости и горести людей.

Проводил он большую общественную работу. Будучи прокурором, ездил по селам, встречался со старейшинами сел, а также рядовыми людьми, отвечал на их житейские вопросы. В трудные минуты жизни всегда было приятно встречаться и поделится с ним, часто люди уходили от него вдохновенными и уверенными.

Зулхуджа Алиевич запомнился всем как человек широкой души, удивительной простоты, неиссякаемой энергии, колоссальной работоспособности.

Несмотря на высокую должность и награды, он был самым обыкновенным, удивительно простым и доступным человеком. В его душе было место для каждого нуждающегося в понимании, помощи и поддержки. С ним было одинаково уютно и рядовому труженику и министру. Он понимал нужды многих, делил горе и радость каждого.

Часто биологический возраст человека не совпадает с состоянием души.

Глядя на него со стороны, трудно было определить, сколько ему лет, окружающие его воспринимали вечно молодым, ухоженным. Среды молодых чувствовал себя молодым, а среды аксакалов - был старейшим и мудрейшим.

Он любил людей и природу. Доброта и забота одинаково распространялись на взрослых и детей, на животных и растениях, на которые он смотрел по-своему, по-гигатлински. Каждая минута, которую он нам уделял, запомнилась. Послушав его, человек становился чуточку добрее, чуточку мудрее, чуточку терпеливее.

Всегда сдержанный, спокойный, ему не было свойственно говорить повышенным голосом.

Будучи человеком сильной воли, да еще справедливым, он умел заряжать окружающих доброй энергией. Многие прислушивались к его зрелым суждениям. Хотелось бы капельку быть похожим на него.

Я не стану перечислять его заслуги, ордена и звания. Так вот хочу сказать, если при жизни ты с ним общался, часто встречался, бывал на свадьбах, на соболезнованиях или в компании, ты как-то привыкаешь, что слышишь от него какие-то умные изречения, воспоминания. Он отличался удивительной памятью, прекрасно помнил свою юность в горах. Зулхуджа Алиевич не пропускал ни одного случая драмы близких и знакомых, он всегда говорил, что на свадьбу можешь пойти или нет, это твое дело, а принять участие в утешении горя близких и знакомых, надо. Чужого горя не бывает говорил он.

Есть люди, с уходом которых из жизни, все мы становимся на одну голову ниже и существенно беднее. Хотя в обиходной речи мы часто слышим: незаменимых людей нет, но в ряде случаев с болью в сердце прозреваем, а ведь его, ушедшего от нас, в этой осиротелой жизни некем заменить. Ибо образовалась невосполнимая пустота, ниша, которую никто не займет. Будут, конечно, другие люди, личности, но его не будет.

Таким человеком для всех кто был с ним знаком и стоял рядом, особенно в нынешний период смуты, дефицита общепризнанных нравственных авторитетов и разнузданного шабаша псевдоличностей и псевдолидеров, предстает Зулхуджа Алиевич!

Я всегда вспоминаю наш летний отдых на берегу седого Каспия. Как хотелось бы еще раз побеседовать с ним, услышать его умную и рассудительную речь, которую мы все и всегда слушали с большим удовольствием. Как много можно было бы узнать от него интересного и полезного, но, к сожалению, судьба распоряжается по-другому.

К сожалению, мы редько с ним встречались и общались, но когда бы и где бы это не происходило, в Дагестане или в Кабардино-Балкарии, я чувствовал его искренний интерес ко мне, к моему бытию и делам. Даже короткие встречи, мимолетное общение с этим замечательным человеком доставляли мне радость и наслаждения, ибо он был человеком радости, удивления и надежды, которые питают наши ум и чувство. В нем сконцентрировались лучшие качества всех народностей Дагестана. Он старался, чтит прошлое и видит в светлых красках будущее. И все это он стремился воплотить в своих наследниках, в подрастающем поколении. Пусть земля дарит нам побольше таких, похожих на него людей, как солнце дарит лучи. Он жил тихо, спокойно, как настоящий труженик из высокогорного села Гигатли, ведь самые глубокие реки текут с наименьшим шумом.

Говоря о Зулхудже Алиевиче, вспоминаю слова великого имама Шамиля. При назначении наиба он всегда говорил: «Будь младшему отцом, ровестнику другом, старшему сыном и ты не найдешь в своем наибстве ни одного противника». Родные и друзья , знакомые и товарищи любили и ценили Алиевича, потому что он был младшему отцом, ровеснику другом, старшему сыном.

Он был человеком, в котором органически сочетались понимание ответственности за то, что он делает, и отеческая забота за все и за всех. Зулхуджа ко всем относился с отцовской любовью и заботой. Как человек, сопереживающий и любящий, требовал от людей ответственного отношения к жизни. И не мог терпеть тех, кто мог обмануть, сфальшивить, слукавить.

Всегда и все знали, раз он наказал-это необратимо, но справедливо. Он не различал - родственник это или нет. Одним из многих его достоинств было то, что он понимал многообразность и сложность реальной жизни, всегда старался учитывать желания и интересы людей, общества в целом.

Стремился жить мудро, никогда не стремился к наживе и богатству.

Один неизвестный философ писал: «Жизнь -это цветок, из которого пчела может делать как мед, так и яд». Зулхуджа Алиевич Магомедов стремился творить добро и счастье. Он был образцом творения уюта и счастья, как в семье, так и в обществе.

Не родился еще на земле человек бессмертный. Но как хорошо, что был, жил в одно время с нами Зулхуджа Алиевич Магомедов - нравственный ориентир для нас и для тех, кто придет после нас.

У каждого человека своя судьба, дарованная ему свыше. И каждый свой путь проходит сам. Все мы принадлежим Всевышнему, и к Нему мы вернемся.

Зулхуджа Алиевич вернулся в свое высокогорное село Гигатли и похоронен на сельском кладбище. Здесь в селе он ощущал свою малую Родину сладкого детства, тепло родного очага, материнскую ласку, отцовскую строгость, здесь он останется навсегда.

**К. Магомедов,** доктор сельскохозяйственных наук, профессор, почетный работник науки и техники РФ,заслуженный деятель науки Кабардино-Балкарии

**Юбилей**




Гьал къоязда гIумрудул 70 сон тIубана районалъул газеталъул лъикIав гьудул Силдиса ТIалхIатов МухIамадил.

Редакциялъул хIалтIухъабаз ва гьудул-гьалмагъзабаз баркулеб буго МухIамадида юбилей, ва гьарулеб буго щулияб сахлъи, рохел, халатаб гIумру, гьабулеб ишалъулъ икъбал.

## ТIалхIатовасде барки

Халкъалдаго цIар арав,
ЦIумадаса къвекIаб цIум,
Сильдиса рокьул къайис,
Барка, мун гьавураб къо.

Каламалъул пасихIлъи
Киназдаго рагIарав,
Рокьул сариналги хъван,
Ясал пана гьарурав.

Гьудулзаби хирияв,
Халкъалъе жив вокьулев,
Рокьи карал щиназе
Кумекалъе ватулев.

Кидал балагьаниги
Гьобол рукъов камичIев,
ЧIобогояб гьасито
Кидалго букIунарев.

Бузна нухдеги хьвадун
Хьитал жиндир чIикIарав,
Халкъалъе пайдаялъе
Гъуждул даим гурарав.

Как-диналъе дурусав,
Иман рекIелъ тIинкIарав,
ТIогьолаб гIумруялъго
Къуръан-хIадис цIаларав.

Барка,мун гьавураб къо,
Гьунар цIикIарав шагIир,
Щибаб дур рекIел мурад
ТIубайги гIумруялъулъ.

Жеги цоги нусго сон
Дуниялалдаги бан,
Берцинаб яшавалда
Таги дуй рокьаралгун.

**ПатIимат ХIамзатова,**
Рихьуниб росу

**ШигIраби**

## ЦIумада район

Рорхатал мугIрузул гIаздал тIогьазда
ГIурдада тIегь гIадаб, гьайбатаб ватIан.
ГIазуги, цIоройги, цIаги, хинлъиги
Гьарзаго гьурщулеб ЦIумада район.

ВатIан цIунулелги, цIар босулелги
ЦIаруй мустахIикъал васазул район.
Какий нодо чIвалел, кини кIикIулел,
Керен рокьул цIураб ясазул район,

Каранлъ рокьи бугел, рекIелъ щцим бугел
РакIал гъалбацIилал гIолохъаби дур.
Бергьенлъидул рачел, меседил медаль
Дур васаз цIаруе ралел черхалда.

ИяхI намусалъул, гьайбатлъиялъул
Мугьру гьурмалъ бугел гIолил ясал дур.
ГIанчIлъи ва саяхълъи нахърателлъун тун
ЛъикIаб хъизаналъе кьучI лъолел ясал.

МугIрул цIорол иццухъ, лъел чвахи гIадаб,
Рижиги берцинал, гIейги гьайбатал
Дир магIарул мацIги, цIарги, ияхIги
Ясберлъун цIунулел сахлъи нужее.

Рокьула, рокьула, дий нуж рокьула,
Къуръан- хIадисалъул нух ккураб наслу,
ЧIухIула, йохула, дун дур яслъидал,
Дир ЦIумада район, гьигьалъайлъидал.

## Солдатасде

Хасел цIороралъуб, цIунун гIурхъигун,
ЦIадавеги ине сапар бухьарав,
Сардалги рогьуна, къоял рукIкIуна
КъотIи гьечIев дуде анищги гьабун.

Эбелалъул квераз маргъалги букъун,
Яцазул квераца итуги бахъун,
РетIине гьабураб бахъанищ ретIел
Рагъулаб гьаб форма тIадеги ретIун?

Чармил къотIи гIадал къуватал квераз
Жаниб тIухьи тIураб, автоматги ккун
Дир макьу ва хIалхьи цIунун чIаралъухъ
Къулараб бетIергун дир дуй баркала.

Эбел-ватIан цIунун, цIаруй хIакълъулев
ЦIеги мун гIадазул магIарул тIалъи.
Каранда жаниб ракI ва рекIелъ рокьи
Бащад бикье, солдат, магIарулалъе.

## ВатIаналде рокьи

ВатIаналде бугеб рокьуца кьуна
Къоло щуго соналъ къуват Шамилий.
Лъалиниса бахъун, хъатикь ханжаргун
Чол кьолониб кьогIго гIумру тIамизе.

ВатIаналде рокьул мугьру букIинчIищ
Кьабун бахъараб цIва хъвалхьун керенгун,
СССРалъул вас ГIабдулманапов,
ГIодула мунилан мугIрул борхалъи.

ВатIаналде бугеб рокьуца гурищ
МахIмуд инагьдарав магIарулайин.
Дой дева Мариял хъанчалде вуссун,
Марьямин угьараб бухIараб хIухьел.

ВатIаналде бугеб рокьуца гурищ
Расулги ахIдарав магIарул мацIин.
Дунги, эбел-ватIан, дуде рокьигун
Ракьулъе юссани, алхIамдулиллагь.

## Анлъабилеб какищ дуй гIоло балеб

Анлъабилеб какищ дуй гIоло балеб
Мун дир берцинлъидул къираллъун гьавун?
Къадар хъван батаги нилъер Аллагьас
ХIалалаб черхалъул чанахъанилан.

Балагь-гIазабалда рогьула сардал
Сундухъго кьоларев кьуру гIадав духъ.
Биллагь, угьдулаго, рикIкIуна къоял
Къимат чорхолъ бугев багьадурав духъ.

Анлъабилеб какищ дуй гIоло балеб
Дур гIищкъул магIица какийги чурун?
Дир хIангIарцул керен кIихIиги бихъун,
РакI кин кодоб кьелеб, кьурун бахъараб?

ГIазу балеб хасало цIер камун хутIуларо,
Рокьи дуде ккун хадуб, цIа камун керен чIолищ?
ЦIад гьарзаяб риидал магIишат гIемер щола
Щущазе тоге гIищкъу, гIагарав, гьари дуде.

**Марьям ХIабибова,** Гьигьалъ росу

## Гъоркьгьакввари мажлис тIобитIана



Нилъер хирияв МухIамад авараг (гI.с.в.) гьавураб хирияб рабигIул авал моцI нилъеца кIодо гьабула садакъаби гьарун, мавлидал цIалун, Бичасул аварагасул гIумрудул бицун, гьесул хIадисал цIалун, кванде гIагабожарал данде ракIарун.

Гьедин хирияб рабигIул авал моцI кIодо гьабиялда ва мажгиталъул цIибараб минара рагьиялда хурхараб кIудияб мажлис тIобитIана гьал къояз Гъоркьгьакввари.

Гьенир гIахьаллъана рехеса ва районалъул росабалъа гIалимзаби, имамзаби, минара базе гIарцулаб кумек гьабурав Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат, жинда Аллагь разилъаяв сахаватав инсан ГIабдурахIман Камилов, районалъул имамзабазул председатель Абубакар Абакаров, районалъул бетIер Шамил ГIумаров, минара барав устар Ихили ГучучгIалиев ва гьесул цадахъал пишачагIи.

Хирияб рабигIул авал моцI ва цIияб минара рагьи баркун кIалъана Абубакар Абакаров, ГIабдурахIман Камилов ва Шамил ГIумаров. ГIалимзабаз ва имамзабаз бицана МухIамад аварагасул (гI.с.в.) гIумрудул хIакъалъулъ, цIалана къуръаналъул аятал, данделъаразул суалазе кьуна жавабал.

Росдал имам АхIмад МухIамадовас баркала загьир гьабуна гьалбадерие ва росдал жамагIагIаталъе мажлисалда гIахьаллъаралъухъ.

**ТIагьир АхIмадов**

## Телефоназ тарбия кьезе тоге

Бищун талихIавлъун ккола Аллагьас тIадкъарал хIукъукъалги тIуралев, хирияв Аварагасул суннатги цIунулев ва исламалда рекъон хьизан-агьлуялъе тарбияги кьолев чи. Лъемералъ тIаса бищулеб нух бараб букIана эбел-инсуда.

ГIемер абулеб рагIула, эбелалда яги инсуда релълъарав вугин абун. Сипат-сураталъул рахъалъ гуребги тIабигIат-гIамалги букIана релълъараб.

Жеги мацIцин лъалареб лъимералъ такрар гьабула эбел-инсуца гьабулеб бихьараб. Телефоналде къулун ругони, яги къотIноб семечка чIучIунеб бугони, ялъуни автобусалда рекIун рукIаго чIахIиязе бакIги кьолеб гьечIони, нилъер лъималазги гьебго гьабизе буго кIудиял гIедал. ПалхIасил, лъималаз нилъедаса босула мисал ва гьезул букIинесеб бараб буго эбел-инсуда. Малъун гуро лъималаз жо босулеб, мисал бихьизабун босула.

Херал эбел-инсуде квешаб барбалагьи гьабулездаги лъазе ккола, лъимал кIудиял гIедал, гьезги гьебго бербалагьи нужедехун гьабизе бугеблъи.

Эбел-инсуца абулеб ва гьабулеб иш лъимадуе кидаго битIараблъун букIуна. Лъималазда цебе цоял кидаго какулел ругони, гьев чиги рихуна гьезда кигIан лъикIав вугониги.

**Имам Гъазалияс абун буго:** «Эбел-инсуе лъимер кьун буго аманатлъун. Гьелъул бацIцIадаб ракIги багьа тIокIаб жавгьар ккола. Кинаб накъищ нилъеца гьелда бикIаниги гьелъ гьеб босула», - ян.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

## Пожарная безопасность

# Осень - время профилактики

Осень – прекрасное время заняться уборкой садовых участков от накопившегося за лето мусора, опавшей листвы, привести в порядок свой дом. Но в суете домашних хлопот не следует забывать о собственной безопасности. Беспечное обращение с огнем при сжигании сухой травы и мусора на придомовой территории зачастую оборачивается бедой – множество пожаров в осенний период происходит именно по этой причине.

Во избежание возникновения пожаров необходимо убрать с участка сухую траву и листву, при этом запрещается разводить костры в противопожарных разрывах между зданиями на территории поселений.

Мусор, сухую траву, опавшие листья следует собирать на специально выделенных площадках. Для большей надежности можете соорудить из негорючего материала контейнеры для хранения отходов.

Нельзя допускать скопления мусора на своем участке, вовремя вывозить мусор на специальные свалки.

Перед началом отопительного сезона необходимо обеспечить требования пожарной безопасности при эксплуатации отопительных и банных печей: проверить печи и дымоходы на наличие трещин, при необходимости устранить неисправности и побелить дымоходы.

Помните, что непотушенная спичка или сигарета, брошенная в траву, может послужить причиной загорания и привести к серьезному пожару.

Внимательно следите за отдыхом своих детей. Родителям стоит больше внимания уделять собственным детям. Уже в дошкольном возрасте необходимо объяснять основные правила пожарной безопасности, объяснять, что игры с огнем приводят к пожарам и гибели людей.

Особое внимание следует уделять пожилым одиноким гражданам. Установлено, что с возрастом уже хуже запоминатся детали, ухудшается скорость восприятия информации. Человек может находиться в опасности и не понимать этого. Пожилые люди не могут самостоятельно покинуть зону возгорания или отключить неисправную технику. Родствнникам, соседям следует быть более внимательными к гражданам преклонного возраста,чаще навещать их, проверять состояние бытовыхприборов.

Соблюдайте правила пожарной безопасности. Во всех случаях возгораний незамедлительно сообщайте в ЕДДС по телефону 112 или в пожарную охрану по номеру 101 (01).

Соблюдение мер пожарной безопасности и безусловное выполнение противопожарных мероприятий исключит опасность возникновения пожара.

**Бунямин Валиев,** старший инспектор ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по РД

## Федеральная налоговая служба

# Более 406 тысяч дагестанцев пользуются сервисом «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц»

В Республике Дагестан преимущества интернет-сервиса «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц» оценили более 406 тысяч граждан. Только за первое полугодие 2024 года личные кабинеты налогоплательщиков в регионе открыли свыше 39 тысяч дагестанцев.

Основными преимуществами использования интернет-сервиса «Личный кабинет налогоплательщика - физического лица» является:

получение актуальной информации об объектах имущества и транспортных средствах, о суммах, начисленных и уплаченных налоговых платежей, о наличии переплат, о задолженности по налогам перед бюджетом;

представление налоговой декларации по форме 3-НДФЛ;

отслеживание статуса камеральной проверки налоговых деклараций по форме № 3-НДФЛ;

направление различных запросов и заявлений в свободной форме;

получение сводных налоговых уведомлений;

получение сведений о своих счетах (вкладах) в Российских банках.

Для большего удобства можно скачать мобильное приложение «Налоги ФЛ», которое доступно в магазинах приложений AppStore и GooglePlay, а также на официальном сайте ФНС России www.nalog.gov.ru на странице интернет - сервиса.

«Интернет-сервис «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц» и мобильное приложение «Налоги ФЛ» позволяют налогоплательщику не только решать свои вопросы без личного визита в инспекцию, но и быть в курсе своей задолженности по налогам. Кроме того, с помощью сервиса можно произвести оплату в режиме онлайн или, распечатав платежный документ налоговое уведомление на уплату налогов. В настоящее время к сервису подключены более 406 тысяч дагестанцев, и число пользователей растет практически ежедневно», - сообщила и. о. начальника отдела оказания государственных услуг №2 УФНС России по РД Райганат Омарова.

Чтобы получить доступ к личному кабинету физического лица, нужно один раз обратиться в любую налоговую инспекцию ФНС России с паспортом. Налоговая инспекция выдает регистрационную карту с логином и первичным паролем для входа в личный кабинет. В случает, если у гражданина есть регистрация на портале госуслуг, можно войти в личный кабинет на сайте ФНС через портал госуслуг с помощью имеющихся логина и пароля, без посещения отделения налоговой инспекции.

**УФНС России по РД**

## Газпром

# Более 2,5 тысяч абонентов «Газпром межрегионгаз Махачкала» в августе стали новыми пользователями «Личного кабинета»

С начала 2024 года количество пользователей сервиса «Личный кабинет» компании «Газпром межрегионгаз Махачкала» выросло на 15 %. Всего «Личным кабинетом» пользуются 152 489 дагестанцев, то есть каждый четвертый потребитель газа.

Важным преимуществом «Личного кабинета» является возможность дистанционно передавать показания приборов учета и оплачивать счета за газ без комиссии, видеть историю платежей по годам и начислений.

Интерфейс сервисов «Личный кабинет» прост, а регистрация занимает всего несколько минут, важно иметь электронную почту и знать 10-значный лицевой счёт. В «Личном кабинете» также можно подключать неограниченное число лицевых счетов и контролировать по ним расчеты. Так можно помочь оплачивать газ, например, пожилым родственникам, проживающим в сельской местности, которым затратно по времени и средствам посещать кассы оплаты за газ.

Сервис доступен в формате мобильных приложений «Газ онлайн» и «Мой газ», которые можно скачать в App Store или Google Play и в веб-версии на сайте компании https://mkala-mrg.ru/. Также на сайте ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» и в социальных сетях компании опубликованы пользовательские инструкции к «Личному кабинету» и ответы на часто задаваемые вопросы о работе сервиса.

Операторы контакт-центра ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» по бесплатному номеру 8-800-200-98-04 (в рабочее время) проконсультируют и помогут с регистрацией в «Личном кабинете абонента».

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

## Эркенаб гугари

# Турниралъул чемпионал





Гьал къоязда Атырау (цебе букІараб Гурьев) шагьаралда (Казахстан) тІобитІана «Нефталъул тахшагьаралъул Кубок» абураб эркенаб гугариялъул рахьалъ халкъазда гьоркьосеб турнир.

Гьенир турниралъул чемпионалльун рахьана нилъер машгьурал гугарухъаби - дунялалъул чемпионал ГІабасхІажи МухІамадов (65 кг.) ва АхІмад ГІусманов (79кг.)

Финалалда ва гьелда цересел дандчІваязда гьез кинабгІаги хьул течІо дандиязе бергьине.

Баркула ГІабасхІажида ва АхІмадида бергьенлъи!

**ТІалхІат ГІабдулбасиров**

## Тайский бокс

# Дунялалъул къецазда «месед» босарал

Таиландалъул тахшагьар Бангкокалда 12-19 сентябралда тІобитІана 16-17 сон барал гІолилазда гьоркьоб тайский боксалъул рахьалъ дунялалъул первенство.



Гьенир ракІарун рукІана 110 пачалихъалдаса гІумрудул щуго батІияб категориялъул 1700-ялде гІагарун спортсмен. Гьениб Дагъистаналъул боксеразе щвана микьго медаль (3-3-2). Гьезда гьоркьоса кІиго меседил медаль щвана нилъер районалъул боксеразе - ТІиндиса СагІитов ГІабдулае (91кг.) ва Эчедаса Герейханов МухІамадие (+91 кг.).

Гьеб ккола гьев кІиясулго иргадулаб бергьенлъи. Цереккунги гьез бергьенлъаби росун рукІана Дагъистаналъул, СКФОялъул, Россиялъул ва Европаялъул первенствобазда.

**Сураталда:** М.Герейханов ва ГІ.СагІитов (квегІиса кваранидe).

**Шамил Бадрудинов**

БетІерав редактор Малачдибиров ГІубайдула СагІадулаевич 2-52-44

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул кьватІ, 4

«ЦІумадисезул гьаракь» газета гІуцІарал: Дагъистан Республикаялъул «Цумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета кьватІибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахІачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1274
Газеталъул индекс: 51377 (багьдаб лъагІалие) 63302 (лъагІалие)

Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул бальгольи гьорлъ бугел ва цогидалги баянazул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru